

AVI SOU KAD EVALYASYON PWOJÈ A

PORT AUTHORITY OF NEW YORK AND NEW JERSEY (PANYNJ) ap evalye posiblite pou yo fè yon pwolonjman nan sèvis Port Authority Trans-Hudson Corporation (PATH) sou trajè World Trade Center rive Newark la, apati de tèminal li ki la deja nan estasyon Newark Penn Station lan pou rive nan yon nouvo estasyon andeyò pwopriyete ayewopò a, alès Frelinghuysen Avenue (nan Noble Street). Nouvo estasyon kap nap pwopoze ta dwe sitiye toupre estasyon ray transpò New Jersey Transit nan Newark Liberty International Airport (EWR) ak estasyon monoray PANYNJ nan Newark, NJ. Objektif pwojè nap pwopoze a, se pou fasilite pasaje ki pran transpò nan New Jersey yo pou yo jwenn aksè nan transpò pou ale nan sant travay ki nan Newark, Jersey City ak vil New York yo epitou pou ogmante chwa moun kap vwayage pa avyon ak anplwaye ayewopò yo genyen nan transpò pou ale nan EWR. PANYNJ gen entansyon mande Administrasyon Transpò Federal (Federal Transit Administration) fon pou pwojè a, e lap prepare yon Evalyasyon Anviwònmantal (EA) pou Pwojè Pwolonjman PATH la annakò avèk Lwa sou Règleman Anviwònmantal Nasyonal (NEPA) 1969 la. PANYNJ ap diriye yon peryòd evalyasyon kap dire 37 jou apati 14 Novanm 2017 rive 20 Desanm 2017, epi lap organize reyinyon evalyasyon publik pou l enfòme publik la epi pou l resevwa opinyon publik la konsènan kad pwojè a, objektif ak sa li bezwen, lòt opsyon pou konsidere, ak enpak potansyèl nan anviwònman an. Nan ka kote lap nesesè pou gen yon deklarasyon sou enpak anviwònmantal (EIS) pou pwojè n ap pwopoze a, pwosesis evalyasyon sa a ka sèvi kòm pwosesis evalyasyon ofisyèl ke NEPA egzije pou yon EIS. Si se leka, Avi sou entansyon pou EIS la pral endike presizeman ke y ap konsidere kanmèm kòmantè ekri sou objektif ak sa yo bezwen, kad pou lòt opsyon yo ak enpak yo. Men enfòmasyon sou reyinyon evalyasyon an:

28 Novanm 2017

Weequahic Park Sports Authority
Community Center
92 Carmichael Drive
Newark, NJ 07114

Vizit Lib: 5 p.m. – 8 p.m.
Lè Prezantasyon an : 5:30 p.m.
epi repetisyon an ap fèt a 7 p.m.

30 Novanm 2017

Hilton Newark Penn Station
Garden State Ballroom
1048 Raymond Boulevard
Newark, NJ 07102
(Gen pakin kap disponib nan garaj otèl la; y ap valide pakin lan nan reyinyon an.)

Pwojè nap pwopoze a ka gen enpak sou resous istorik yo e l ap gen pou l konfòme l ak seksyon 106 nan lwa sou prezèvasyon istorik nasyonal la. Moun an patikilye ak organizasyon kapab mande pou patisiye antanke pati konsilitatif seksyon 106 nan reyinyon evalyasyon publik yo, oswa yo ka soumèt yon demann alekri bay enfòmasyon kontak ki identifye pi ba a.

Nan reyinyon sa yo, publik la pral kapab revwa enfòmasyon pwojè a, pale ak manm kap travay nan pwojè a, epi y ap kapab soumèt kòmantè yo. **Prezantasyon/materyèl pou reyinyon an ap menm pou toude dat yo.** Lokal kote reyinyon an ap fèt ap aksesib pou moun ki gen andikap. Pral gen entèprèt nan lang Panyòl, Kreyòl Ayisyen ak Pòtigè kap la pou moun ki pa pale Angle. Pou entèpretasyon nan langaj Siy Ameriken (ASL) oswa pou lòt lang, oswa pou asistans pou lòt bezwen espesyal, tanpri kontakte ekip pwojè a senk jou avan reyinyon an nan nimewo **917-933-7440**, oswa pa imèl nan **PATHextension@panynj.gov**.

Ale sou sitwèb nou an pou w jwenn plis enfòmasyon:

www.panynj.gov/PATHextension